

# MANYÈL POU MOUN KI JERE MANJE




**APRANN PLIS SOU FAKTÈ  
RIS AK RIS ALIMANTÈ KI  
LYE AK MALADI MOUN  
PRAN NAN MANJE**

# ENTWODIKSYON



## ■ TABDÈMATYÈ



**LIJYÈN PÈSONÈL**

**4**



**SOUS KI APWOUVE**

**6**



**TANPERATI NÒMAL**

**7**



**KONTAMINASYON MANJE**

**10**



**KONSÈVASYON REFRIJERE**

**12**



**GLOSÈ**

**13**



Se Divizyon Sante Anviwònmanal Distri Sid Nevada a ki te prepare manyèl fòmasyon sa a kòm yon zouti enstriktif. Pou plis enfòmasyon konsènan tès pou resevwa Kat Fòmasyon Sekirite Moun ki Jere Manje a, vizite nan [www.snhd.info](http://www.snhd.info).

# ENTWODIKSYON



## ■ KONSÈNAN MANYÈL SA A

Règleman sou Manje nan Distri Sante Sid Nevada a santre sou kontwòl faktè ris maladi ki lye ak manje nan etablisman manje yo. Kontwole senk faktè ris sa yo pral ede prevni maladi ki lye ak manje. Rèsponsab yon rèsoran gwe konnen faktè ris pou enstwi moun ki jere manje yo epi asire yo swiv pratik sekirite alimantè yo. Enfòmasyon sa yo ranfòse pa mwayen fòmasyon kontini ak aksan sou fason pou anpeche maladi ki lye ak manje. Si genyen yon ris nan sekirite manje a, tankou yon pèt dlo, akimilasyon egou oswa ti bèt nwizib pran espas la, etablisman manje a dwe fèmen pòt li pou kont li epi kontakte Distri Sante a.

## ■ FAKTÈ RIS MALADI KI LYE AK MANJE

### Move Lijyèn Pèsònèl

- Men ki pa byen lave
- Touche manje tou prepare ak men (ready-to-eat, RTE)
- Moun ki jere manje k ap travay tou malad ak sentom sa yo: vomisman, dyare, doulè nan gòj ak yon fyèv, blese nan men ki enfekte, ak lajònis

### Manje ki Soti kote ki Pa Sekirize

- Manje ki soti yon kote ki pa apwouve epi/oswa manje ki te prepare kote ki pa otorize
- Resevwa manje ki gate

### Metòd/Tanperati ki pa Nòmal

- Fè Manje
- Rechofe
- Konjele (sote etap pou elimine parazit nan pwason)

### Konsèvasyon, Lè ak Tanperati ki pa Nòmal

- Move konsèvasyon nan cho ak nan frèt manje tan ak tanperati kontwole pou sekirite (TCS) yo.
- Move itilizasyon lè kòm kontwòl
- Move refwadisman manje TCS yo

### Kontaminasyon Manje

- Itilizasyon materyèl ki mal fèt oswa ki kontamine.
- Move pratik anplwaye
- Move preparasyon/konsèvasyon manje
- Ekspozisyon ak pwodwi chimik

## ■ RIS ALIMANTÈ

### Biyolojik

- Mikwo òganis ki lakoz maladi ki lye ak manje
- Bakteri, viris, parazit, ak chanpiyon

### Chimik

- Pwodwi chimik yo pa fèt pou konsome
- Dezenfektan, pwodwi netwayaj, oswa pwodwi antiparazitè yo dwe rete lwen manje

### Fizik

- Objè enkonni ki kapab lakoz blese
- Vè, metal, oswa zo



# LIJYÈN PÈSONÈL



## TEKNIK POU BYEN LAVE MEN

Lave men se yon pati enpòtan nan lijyèn pèsònèl. Li enpòtan pou **lave men w nan yon evye ki fèt pou sa** anvan w touche manje pou kapab anpeche maladi ki lye ak manje. Evye men an se pou lave men SÈLMAN epi li dwe genyen savon likid, sèvyèt papye, ak yon poubèl.



**MOUYE MEN**  
ak dlo tyèd  
min. 100°F)



**SAVONNEN**



**BYEN FWOTE**  
pandan 10-15  
segonn



**RENSE**



**SECHE**



**FÈMEN DLO A**  
ak sèvyèt papye

### LEVE MEN W...

- ✓ Lè w ap rantre nan kizin
- ✓ Aprè w fin manyen vizaj ou, cheve w, oswa po kò w
- ✓ Aprè w fin itilize twalèt
- ✓ Aprè w fin manyen pwodwi kri ki soti nan bèt
- ✓ Aprè w fin jete fatra oswa netwaye
- ✓ Aprè w fin manyen NENPÒT BAGAY ki sal

Si w te blese nan men, lave men w, mete yon pansman ki pwòp, epi mete gan.

Si w pa kapab lave men w akòz yon blese, plak, pansman, bandaj, ou pa kapab travay nan manje.



## PA MANYEN MANJE KI PRÈ POU MANJE AK MEN W KONSA

Manje ki prè pou manje yo pa kapab manipile ak men konsa. **Itilize yon baryè fizik pou anpeche kontaminasyon ak jèn ki kapab lakoz maladi ki lye ak manje.** Jèm sa yo kapab soti nèt lè w tou senpleman lave men w.

Manje ki prè pou manje yo genyen ladan manje ki fin kwit, fwi ak legim ki kri, manje ki fèt nan fou, ti manje lejè, ak glas. Baryè fizik yo genyen ladan l, papye chakitri/lasi, gan, ak materyèl tankou pens, kiyè ak pèl.



# LIJYÈN PÈSONÈL



## UNIFÒM

- ✓ Byen jere cheve
- ✓ Rad ki elegan epi pwòp
- ✓ Tout blese dwe kouvri
- ✓ Pa mete bijou nan pwanjè
- ✓ Bag ki senp
- ✓ Zong kout epi pwòp



- ✗ Cheve ki soti deyò kaskèt
- ✗ Rad sal
- ✗ Blese ki louvri epi k ap senyen
- ✗ Bijou nan pwanjè
- ✗ Bag oswa bijou ki gen òneman
- ✗ Fo zong, zong ki wozle oswa ki long

## POLITIK SANTE POU ANPLWAYE

Lijyèn pèsonèl kòmanse lakay lè w ap prepare w chak jou. Nou tout pote jèm ki kapab lakoz maladi. **Antanke yon moun ki jere manje, ou rèsponsab pou pran swen sante w pou anpeche maladi ki lye ak manje.** Di anplwayè w la si w te dyagnostike ak salmonèl, Lafyèw tifoyid, Shigela, Shiga toksin ki bay E.coli, Epatit A oswa Noroviris oswa si w genyen nenpòt nan sentom sa yo:



VOMISMAN



DYARE



DOULÈ NAN GÒJ AK FYÈV



BLESE OSWA PLÈ KI ENFEKTE

Nan men oswa nan bra



LAJÒNIS

## YON FASON KI FASIL POU SONJE 6 GWO MALADI KI LYE AK MANJE YO

VOYE	Salmonèl
LA	Lafyèw tifoyid
ANPLWAYE KI	Shigela
MALAD	E coli
LAKAY YO	Epatit A
KOUNYEYA	Noroviris



**OU PA KAPAB TRAVAY ANKÒ JISKASKE W PA PREZANTE OKENN SENTOM PANDAN 24 ÈDTAN SAN ITILIZASYON MEDIKAMAN.**








# SOUS KI APWOUVE



## ■ MANJE KI SOTI YON KOTE KI PA APWOUVE OSWA KI PA OTORIZE

Premye bagay yo gen priyòrite.... Depi ou fin aksèpte livrezon manje, **ou pa kapab sekirize manje ki pa te sekirize yo ankò.** Kontwòl tanperati/tan pou sekirize manje (Time/temperature control for safety, TCS), tout moun konnen tou sou non manje ki potansyèlman riske (potentially hazardous foods, PHF), mande pou kontwòl tan ak tanperati pou limite devlopman mikwo òganis patojèn oswa fòmasyon toksin.

Yon **sous ki apwouve se yon founisè gran repitasyon** yo te enspekte epi k ap swiv règlerman yo. Ou ta dwe toujou verifye manje anvan w aksèpte l nan men founisè a. Pandan w ap resevwa manje a ou ta dwe verifye bagay sa yo:

Tanperati pou kapab resevwa manje TCS	Salibrite Jeneral	Manje ki Fè Glas
<p><b>135°F</b> Manje ki cho (pi wo pase 135°F)</p> <p><b>ZON DANJE!</b> Ant 41°F ak 135°F</p> <p><b>45°F</b> Li aksèptab pou resevwa ze ak molisk nan 45°F</p> <p><b>41°F (OR PI BA)</b> Manje ki frèt (pi ba pase 41°F) Manje ki kapab konjele yo dwe konjele.</p>	 <p>Pa aksèpte bwat ki kabose, ki gonfle, oswa k ap koule.</p>	 <p>Pa aksèpte manje konjele ki fè Kristal glas oswa ki fè likid nan pakè a.</p>
Deteryorasyon	Dat Ekspirasyon	Siy Kontaminasyon de bèt nwizib oswa devèsman
 <p>Manje pa TA dwe sou fòm jèl, glè, san koulè, oswa genyen yon move lodè.</p>	 <p>Manje yo dwe konfòm ak dat limit ki make pa fabrikan an.</p>	 <p>Pakè yo dwe pwòp, sèch, epi nèt.</p>
Fakti ak Etikèt ki Apwopriye	Etikèt Molisk	Dèstriksyon Parazit pou Kèk Pwason
<p><small>INGREDIENTS: Enriched Wheat Flour (Flour, Ferrous Sulfate (Iron), B Vitamins (Niacin, Thiamine Mononitrate (B1), Riboflavin (B2), Folic Acid)) Sugar, Corn Syrup, Water, High Fructose Corn Syrup, Vegetable and/or Animal Shortening (Contains one or more of: Partially Hydrogenated Soybean, Cottonseed, or Canola Oil, Beef Fat), Dextrose, Whole Eggs, Contains 2% or Less of: Modified Corn Starch, Cellulose Gum, Whey, Leavenings (Sodium Acid Pyrophosphate, Baking Soda, Monocalcium Phosphate), Salt, Carnauba, Corn Flour, Corn Syrup Solids, Mono and Diglycerides, Soy Lecithin, Polyorbate E0, Dextrin, Calcium Caseinate, Sodium Stearoyl Lactylate, Wheat Gluten, Calcium Sulfate, Natural and Artificial Flavors, Caramel Color, Sorbic Acid (to Retain Freshness), Color Added (Yellow 5, Red 40).</small></p> <p>Ou dwe kapab idantifye kisa manje a ye ak kote li soti.</p>	 <p>Etikèt molisk yo dwe konsève pandan 90 jou.</p>	 <p>Pwason ki sèvi san kwit oswa kri dwe genyen dokiman de founisè a ki eksplike kòman pwason an konjele oswa elve.</p>

## 👉 PA AKSÈPTE MANJE SI LI PA REPONN AK PRESIP SA YO OLYE W AKSÈPTE L NAN MEN FOUNISÈ A.

### ESGZÈSIS AKSÈPTE OSWA REJTE?



Melanj salad chou ki anbalè nan bon kondisyon nan tanperati 45°F



Ze kri ki pwòp epi ki pa kraze nan 45°F



Pwason kri ki genyen zye plonje epi nyaje



Cheddar ki genyen ti tach sal



Vyann bèf fre ki kole nan men w lè w touche l




# TANPERATI NÒMAL



## ■ TANPERATI KI RETNI

Byenke manje kwit se sèl mwayen pou redwi kantite jèm nan yon nivo ki sekirite, **ou dwe konsève manje TCS yo nan yon tanperati kòrèk pou rezon sekirite**. Li enpòtan pou manje ki mande kontwòl tan ak tanperati pou sekirite yo rete an deyò tanperati zòn danje kote bakteri grandi pi vit yo. Konsève manje ki cho ak frèt! Lè w ap itilize tan kòm yon kontwòl sante piblik, manje TCS ki rete nan tanperati chanm dwe rete pou peryòd tan limite epi après a dwe deplase.




## ■ DEKONJELASYON KI NÒMAL

Li enpòtan pou konsève manje nan tanperati 41°F oswa pi ba lòske l ap dejele (fonn). Itilize yon metòd dekonjelasyon ki apwouve:



### SOU REFRIJERASYON

Prevwa alavans — gwo pwodwi yo kapab pran plizyè minit pou dejele. Konsève refrijerasyon nan tanperati 41°F oswa mwens.



### NAN KESYON KWIT MANJE

Retire nan glas epi mete dirèkteman nan dife. Sa trè bon pou ti manje.



### NAN MIKWOWOND (POU KAPAB KWIT IMEDYATMAN)

Transfere imedyatman nan yon pwosesis pou kwit nan yon fason konvansyonèl oswa kwit konplètman nan mikrowond.



### PLONJE ANTYÈMAN NAN DLO FRÈT K AP KOULE

Asire, dlo k ap koule a koule ase vit pou elimine patikil lib yo. Asire w tout pòsyon manje a rantrè konplètman anba dlo. Dlo k ap koule a dwe frèt; manje a pa dwe depase 41°F.

# TANPERATI KI NÒMAL



## ■ KWIT

Kwit manje TCS yo nan tanperati ki rekòmande a se sèl mwayen pou redwi kantite jèm yo nan yon nivo ki san danje. Itilize yon tèmomèt tij kalibre epi ki dezenfekte pou verifye tanperati manje yo. Antre tèmomèt la nan pati ki pi mens nan manje a, kote ki pa genyen zo, pou asire w tout pati manje a byen kwit. Itilize ekipman ki apwopriye pou kwit epi pou rechofe manje yo. Pa kwit manje yo nan ekipman ki fèt sèlman pou konsève chalè.

165°F

- Rechofe manje TCS ki fèt lakay yo pou yon konsèvasyon cho pandan dezèdtan
- Volay: poul, kana, kòdenn
- Manje boure

155°F

- Vyann ki souf/enjekte oswa rache
- Ze kri ki nan kokiy

145°F

- Vyann mis antye\*
- Pwason ak fwi ki soti nan lanmè
- Ze kri ki nan kokiy pou sèvis imedya

135°F

- Fwi, legim, ak grenn ki kwit pou konsèvasyon cho
- Rechofe manje ki fabrike pa TCS la nan dezèdtan
- Konsèvasyon cho

DANGER ZONE

### • ANT 41°F ak 135°F

41°F

- Konsèvasyon frèt
- Manje ki konjele dwe konsève konjele

*\* Woti kapab kwit nan tanperati 130°F pandan 112 minit oswa selon kat kwizin nan.*



**MANJE KRI TCS YO KAPAB SÈLMAN PA FIN KWIT SI KLIYAN AN MANDE L KONSA EPI ENFÒMASYON POU KONSOMATÈ A DWE SOU MENI AN.**




# TANPERATI KI NÒMAL



## METÒD REFWADISMAN

Yon pwosis refwadisman nan de etap egzije pou manje cho TCS yo: 135°F rive 70°F nan dezèdtan, epi 70°F rive 41°F nan katrèdtan k ap vini yo (pa dwe depase sizèdtan antou). **Li enpòtan pou refwadi manje yo imedyatman epi nan tout sekirite pou manje yo kapab pase mwens tan posib nan zon danje tanperati a.** Itilize yon metòd k ap akselere pwosis refwadisman an, pa egzanp, pandan w ap itilize yon beny glas oswa pandan w ap divize manje cho yo nan kaswòl ki pa twò fon, après mete yo nan refrijeratè a. Souke manje yo souvan pou retire chalè a.



Dat	Manje	Tan li Kòmanse ak Tanperati a	Nan 1èdtan	Nan 2èdtan	135°F rive 70°F nan dezèdtan?	Nan 3èdtan	Nan 4èdtan	Nan 5èdtan	Nan 6èdtan	70°F rive 41°F nan 4èdtan?
3-20	SOUP	9AM 135°F	10AM 120°F	11AM 80°F		12PM 65°F	1PM 40°F			
6-27	DIRI	3PM 135°F	4PM 90°F	5PM 68°F		6PM 55°F	7PM 50°F	8PM 45°F	9PM 39°F	

Soup ta dwe rechofe jiska 165°F anvan dezèdtan. Si sa pa fèt ou dwe jete l.


Diri reponn ak egzijans 70°F après 41°F nan pwosis refwadisman sizèdtan an.

## REGLAJ TÈMOMÈT

Yon **tèmomèt** se zouti ki pi enpòtan ou genyen a dispozisyon w pou asire sekirite manje w. Li enpòtan pou regle tèmomèt ou an anvan w verifye tanperati entèn manje yo. Regle chak tèmomèt souvan, fè menm bagay la lè l nèt ak chak fwa tèmomèt la tonbe. Itilize tèmomèt ki apwopriye pou manje ou vle mezire a.

### ETAP POU BYEN REGLE YON TÈMOMÈT TIJ

1. Byen ranpli yon bwat ak glas.
2. Ajoute dlo pwòp (glas la pa dwe rete anlè).
3. Antre tèmomèt la.
4. Byen souke l.
5. Bay 30 segonn anvan w regle l nan 32°F.



# KONTAMINASYON MANJE



## ■ KONTAMINASYON KWAZE

Kontaminasyon kwaze fèt lè jèm yo deplase de yon manje oswa sifas pou ale nan yon lòt.

Maladi ki lye ak manje soti nan:

- Ajoute engredyan ki kontamine nan manje.
- Manje ki an kontak ak sifas ( ekipman ak materyèl) ki pa te byen netwaye oswa dezenfekte.
- Touche manje ki kri oswa goute manje ki prè pou manje.
- Men ki touche manje ki kontamine après ki al touche manje ki prè pou manje.



Evite lòt kontaminasyon kwaze pandan:

- N ap itilize plan pou dekoupe ak materyèl pou pwodwi ki kri (tankou ze prè pou kosome, vyann, pwason, ak volay) ak manje ki prè pou manje oswa netwaye epi dezenfekte ekipman ki an itilizasyon yo.
- Separe ekipman ki sal de manje oswa de ekipman ki pwòp.
- Kòmanse ak yon sifas travay ki dezenfekte, netwaye epi ak dezenfekte tout sifas travay, ekipman, ak lòt materyèl aprè chak travay.
- Pa konsève nan glas okenn bagay ki pral konsome.

## ■ NETWAYE EPI DEZENFEKTE

Asire ekipman yo pwòp epi dezenfekte pandan w ap lave osi souvan posib. Lòske w ap itilize l, netwaye epi dezenfekte materyèl ak ekipman yo chak katrè.




### BOKIT DEZENFEKTAN —

**Amonyòm Kwatènè ak Klorin (Quats) se tip dezenfektan ki apwouve.** Swiv rekòmandasyon fabrikan yo pou konsantrasyon ak yon tan kontak ki apwopriye. Verifye dezenfektan an ak bann tès papyè pou verifye konsantrasyon an. Konsève yon twal nan bokit dezenfekte a nenpòt lè genyen sèvis oswa preparasyon manje.

### EVYE KI GENYEN TWA KONPATIMAN —

Toujou itilize yon evye kizin ki genyen twa konpatiman ki byen konfigire pou yon bon lave men epi ki swiv senk etap sa yo: pre-lavaj (grataj), lavaj, rensaj, dezenfeksyon epi sechaj nan lè.



### MACHIN POU LAVE (TANPERATI KI WO AK PWODWI CHIMIK —

**Dezenfekte se redwi kantite jèm nan yon nivo ki sekirize. Pwodwi chimik ak chalè itilize pou dezenfekte sifas ki an kontak ak manje.** Li manyèl la oswa plak enfòmasyon ki sou machin nan pou yon pi bon operasyon. Tanperati sifas ki an kontak ak manje nan yon machin tanperati dwe rive nan omwen 160°F. Mezire bon konsantrasyon dezenfektan chimik pandan n ap itilize bann tès la. Mezire tanperati machin lavaj gwo tanperati yo pandan n ap itilize yon tèmomèt min-max oswa yon riban adezif ki sansib ak tanperati.

# KONTAMINASYON MANJE



## ■ LÒT SOUS KONTAMINASYON

### LAVE PWODWI YO —

Lave fwi ak legim yo anba dlo k ap koule anvan nou koupe, melanje ak lòt engredyan yo, oswa kwit yo. Ti bèt nwizib ak pousyè kapab kache anndan fèy pwodwi yo. Retire fèy eksteryè yo epi mete leti ak zepina yo apa nèt. Rense toutotou yo. Koupe zòn ki andomaje oswa kraze yo pandan preparasyon fwi ak legim yo.


### KONSÈVASYON MATERYÈL —

Konsève materyèl yo nan fason sa yo:

- Ak manch yo pwente nan yon sèl direksyon.
- Sou yon sifas manje ki kapab netwaye, epi ki swa.
- Nan dlo ki nan tanperati 41°F oswa pi ba, 135°F oswa pi wo
- Anba dlo k ap koule

### KONTWÒLE TI BÈT NWIZIB (RONJÈ AK ENSEK) —

Egzanp ti bèt nwizib yo genyen ladan **ravèt**, **mouch**, ak **ronjè**.



Jesyon ki Genyen Ti Bèt Nwizib (Integrated Pest Management, IPM) se yon seri metòd prevantif ki itilize pou elwanye ti bèt nwizib epi pou kontwòle enfestasyon:

- Refize aksè ak, manje, akabri.
- Travay ak yon operatè kontwòl ti bèt ki otorize.
- Kole tout espas ak ouvèti sou planche a, nan miray, ak nan plafon.
- Kite pòt, moustikè, ak fenèt yo fèmen pou evite ti bèt nwizib yo rantre.
- Kite rido lè yo operasyonèl.



Siy enfestasyon ti bèt nwizib yo genyen ladan:

- Wè ti bèt nwizib yo nan divès gwosè ak etap devlopman.
- Aktivite ti bèt nwizib yo note nan yon rapò de yon operatè kontwòl ti bèt ki otorize.
- Jwenn ronjè k ap tonbe atè a oswa sou ekipman oswa matyè fekal ravèt (ti tach nwa) ki sou miray ak planche yo.
- Mak kote ti bèt yo mode sou bwat manje yo.

Yon sèl ronjè nan yon etablisman mande konsiltasyon kontwòl imedya. Pa itilize pestisid ki genyen etikèt ki make "itilizasyon lakay sèlman" (household use only). Sèlman yon operatè kontwòl ti bèt ki otorize kapab aplike itilizasyon pèstisid ki entèdi yo.

### FIMEN/MANJE NAN KIZIN NAN —

Règleman ki gen rapò ak fimen, manje, ak bwè nan kizin nan:

- Entèdi manje, fimen, epi bwè nan kizin nan pandan preparasyon manje oswa pandan n ap sèvi manje, pandan nou nan espas ki itilize pou prepare manje oswa pou sèvi manje, oswa pandan nou nan espas ki itilize pou lave ekipman ak materyèl yo.
- Manje ak fimen sèlman otorize nan espas ki fèt pou sa ki lwen manje oswa zòn pou lave veso yo.
- Espas ki fèt pou fimen yo dwe selon Lwa sou Lè Pi Nevada a (Nevada Clean Indoor Air Act).




# KONSÈVASYON KI REFRIJERE



**Bon konsèvasyon manje** ak preparasyon se eleman kle nan anpeche maladi ki lye ak manje yo. Konsève epi prepare manje pou pwoteje yo kont kontaminasyon kwaze.

Tout manje ki prepare ta dwe kouvwi, genyen etikèt ak dat lòske li pral konsève.

Manje TCS ki prepare nan etablisman an dwe genyen dat epi itilize nan delè ki pa depase sèt jou.



Mete yon tèmomèt nan pati ki pi cho aparèy la.

Konsève nan omwen sis pous anwo planche a.

Kite manje yo kouvwi, konsève pwodwi kri ki soti nan bèt yo anba manje ki prè pou manje yo, itilize ekipman/materyèl ki dezenfekte epi ki pwòp, epi aplike bon pratik jeneral anplwaye yo pou asire bon sekirite manje yo.

# GLOSÈ



## Sous/founisè ki apwouve

Yon pwodiktè, yon founisè, yon fabrikan, yon transfòmateur oswa nenpòt moun oswa antrepriz k ap founi manje pou lavant oswa pou konsomasyon ki twouve aksèptab pa otorite sanità yo, sou baz yon detèminasyon konfòmite ak prensip yo, pratik ak règleman jeneral rekoni ki pwoteje sante piblik la.

## Mezire

Pou mezire, pa konparezon ak yon prensip ki rekoni, presizyon enstriman mezi a tankou yon tèmomèt.

## Konsèy pou Konsomatè

Yon deklarasyon ekri ki enfòmasyon konsomatè yo konsènan ogmantasyon ris maladi ki lye ak manje pandan konsomasyon pwodwi kri ki soti nan bèt oswa ki pa kwit ase, epi idantifye tout eleman meni yon etablisman alimantè ki genyen pwodwi kri ki soti nan bèt oswa ki pa kwit ase.

## Kontaminasyon

Prezans matyè enkoni, ki espesyalman enfektye, ki rann yon sibstans oswa yon preparasyon enpi oswa nwizib. Twa tip kontaminasyon yo genyen ladan danje fizik, biyolojik ak chimik.

## Refwadisman

Yon pwosesis nan de etap pou redwi byen vit tanperati manje yo. Premye a se refwadi de 135°F rive nan 70°F nan dezèdtan, après dezyèm etap la se de 70°F rive nan 41°F nan katrèdtan. Refwadisman an pa kapab depase sizèdtan antou.

## Kontaminasyon kwaze

Pasaj jèm, mikwo òganis oswa lòt sibstans nwizib tankou pwodwi chimik vè yon lòt pa mwayen ekipman, pwosedi oswa pwodwi ki pa apwopriye oswa ki sekirize.

## Politik Sante Anplwaye yo

Pwosedi idantifikasyon ak entèdikasyon/ekskli anplwaye ki kapab transmèt patojèn ki lye ak manje nan manje yo. Epi li bay entèvansyon ijyenik ki anpeche transmisyon viris ak bakteri ki lye ak manje nan etablisman ki fè manje yo.

## Ekipman

Yon atik ki te itilize nan operasyon yon etablisman manje ki enkli yon konjelatè, yon moulen, chemine, machin pou fè glas, blòk vyann, melanjè, fou, refrijeratè komèsyal, balans, tranchè, yon kaswòl ak yon tab.

## Manje

Sibstans ki kapab manje ki kri, kwit oswa transfòmateur, glas, bwason oswa engredyan itilize oswa ki fèt pou itilize oswa pou vann, antou oswa an pati, pou moun kapab manje. Epi chiklèt konsedere kòm manje.

## Maladi ki Lye ak Manje

Efè nefas sou sante ki soti nan dijere manje oswa dlo ki kontamine oswa gate.

## Jèm

Yon mikwo òganis, espesyalman sila ki lakoz maladi.

## Ris Potansyèl pou Sante

Yon gwo menas oswa danje egziste se lòske genyen prèv ki sifizan pou montre yon pwodwi, pratik, sikonstans oswa evenman ki kreye yon sitiyasyon ki mande koreksyon oswa fèmti imedyasyon an, tankou pèt dlo, pèt egou ak enfestasyon ti bèt nwizib.

## Enfestasyon

Prezans yon gwo kantite inabityèl ensèk oswa animal nan yon lye, jeneralman yon fason ki kapab lakoz domaj oswa maladi.

## Parazit

Yon òganis ki viv anndan oswa sou yon lòt òganis (ot li) epi ki nourri de eleman nitritif depans ot la.

## Moun ki Rèsponsab

Yon moun ki prezan nan yon etablisman manje ki rekoni epi ki rèsponsab pandan l ap fonksyone.

## Ti Bèt Nwizib

Tout ensèk oswa lòt bèt destriktè endezirab ki nwi manje ak rekòt epi ki kapab pwopaje maladi pa kontaminasyon kwaze.

# GLOSÈ



## Pestisid

Yon sibstans oswa ajan ki itilize pou tiye ti bèt nwizib, ki aplike pa yon operatè kontwòl ti bèt nwizib ki otorize nan yon etablisman manje.

## Rechofe

Pou chofe yon pwodwi alimantè ki te deja kwit.

## Manje ki prè pou konsome (Ready-To-Eat, RTE)

Manje ki kapab itilize san preparasyon adisyonèl oswa san l pa bezwen kwit.

## Dezenfekte

Aplikasyon pwodwi gwo tanperati oswa chimik sou sifas ki an kontak ak manje pou redwi jèm oswa mikwo òganis nan yon nivo ki nòminal.

## Molis

Molis kri nan kokiy tankou paloud, zwit oswa moule.



## Sentom

Yon siy oswa endikasyon de yon twoub oswa maladi, abityèlman yon chanjman vizib nan fason yon moun santi l oswa parèt.

## Tanperati

Kantite chalè oswa fredri ki mezire nan yon pwodwi ak yon tèmomèt.

## Zòn Danje Tanperati

Plaj tanperati kote jèm oswa mikwo òganis yo devlope nan yon nivo ki danjre (ant 41°F-135°F).

## Dekonjelasyon

Pase de yon eta solid konjele rive nan yon tanperati refrijere pa yon metòd ki apwouve. Li rekoni sou non dekonjelasyon.

## Tèmomèt

Yon aparèy ki fèt pou mezire tanperati.

## Kontwòl Tanperati ak Lè Pou Rezon Sekirite (Time and Temperature Control for Safety, TCS)

Manje ki mande kontwòl lè ak tanperati pou rezon sekirite pou limite devlopman mikwo òganis patojèn oswa fòmasyon toksin, tankou vyann, pwason, ze, lèt ak leti ki koupe.

## Tan kòm Kontwòl Sante Piblik

Pwosedi kote tan itilize pou kontwole devlopman jèm oswa mikwo òganis. Manje ki rete selon pwosedi a dwe sèvi, vann oswa jete aprè katrèdtan.

## Materyèl

Yon enstriman oswa yon resipyan ki an kontak ak manje ki itilize pou konsèvasyon, preparasyon, transpò, distribisyon, vant oswa sèvis manje ki kapab itilize plizyè fwa oswa yon sèl fwa, tankou chakitri, pens, gwo kiyè, louch, kiyè, etc.



280 S. Decatur Blvd. • P.O. Box 3902  
Las Vegas, NV 89127  
(702) 759-1000 • [www.SNHD.info](http://www.SNHD.info)



# FOOD



# HANDLER